# T.SEYTJANOVTÍŃ «HAYAL BOLIW AŃSAT EMES» POEMASÍNÍŃ KÓRKEMLIGI

**Kırkbaeva Umida**

**magistrant, Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeligi**

**Annotaciya:** Maqalada belgili qaraqalpaq shayırı T.Seytjanovtıń poemaları talqıǵa alınǵan. Shayırdıń "Hayal bolıw ańsat emes" poemasınıń ideyalıq-tematikalıq hám kórkemlik ózgesheligi mısallar arqalı úyrenilgen. Poemadaǵı hayal-qızlardıń táǵdiriniń awır bolǵanlıǵı, urıstıń insanlar turmısına tásiri, baxıtlı zamanǵa jetisiwidegi gúresleri talqılanǵan.

**Gilt sózler:** poema, tematika, obraz, poeziya, hayal-qızlar, ana, muhabbat.

**Аннотация:** В статье анализируются стихи известного каракалпакского поэта Т. Сейтжанова. На примерах рассмотрены идейно-тематические и художественные особенности стихотворения поэта «Нелегко быть женой». Анализируются непростые судьбы женщин в творчестве, влияние войны на жизнь людей, их борьба за достижение счастливого времени.

**Ключевые слова:** поэма, тематика, образ, поэзия, женщины, мать, любовь образ, поэзия, женщины, мать, любовь.

**Annotation:** The article analyzes the poems of the famous Karakalpak poet T. Seytjanov. The ideological, thematic and artistic features of the poet's poem "It is not easy to be a wife" are based on examples. The difficult fate of the women in the work, the impact of the war on people's lives, and their struggle to reach a happy time are analyzed.

**Key words:** poem, theme, image, poetry, women, mother, love.

T. Seytjanov - qaraqalpaq ádebiyatında hám shayır hám dramaturg sıpatında belgili. Onıń qosıqları, poemalarınıń tematikasına itibar bergenimizde oǵada ráńbáreń. Shayır shıǵarmalarında hayallar, balalar, gózzal qızlar, túrli jastaǵı adamlar ulıwma insan ómiri, onıń ǵalma - ǵalları, táshwishleri, quwanıshları tereń sáwlelngenin kóriw múmkin.

T. Seytjanovtıń "Ákem haqqında sóz", "Muhabbat hám mákkarlıq", "Shegingen sahra" sıuaqlı bir qatar poemaları shıǵarmaları jıynaǵınıń eki tomlıǵınıń birinshi tomında berilgen,

Al, ekinshi tomında “Hayal bolıw ańsat emes”, ”Táǵdir”, ”Jayhun jananları”, ”Mazlum Xansuliw” atlı poemaları orın alǵan.

Shayırdıń “Hayal bolıw ańsat emes” poemasında hayal-qızlardıń táǵdiri, analarımız turmısı, olardıń sabır-tózimi, sabır taqatı haqqında sóz etledi. Shıǵarmada hayal-qızlar portreti Háselxan obrazı arqalı avtor tarepinen sheberlik penen kórkemlep berilgen.

Dóretiwshi óz poemasın aldı menen házirgi dáwir hayallarına maqtaw, háwes penen qarap, olarǵa jaratılǵan imkaniyatlardan paydalanıwdı, búgingi kúninen nalımawdı násıyatlaw menen baslaydı.

Mısalı:

Aynanayın, aq kelinlerim ,
Baxtı bálent, shad kelinlerim,
Turmısları abad qızlarım,
Sizler meniń shoq juldızlarım! [1.134]

-degen qatarlarında qız-kelinsheklerdi xoshametlew, búgingi kúndegi olarǵa qaratılǵan itibardıń joqarılıǵı sezilip tur. Olarǵa qáleseńiz kásip iyelew, óner úyreniw, oqıw jollarınıń házirgi dáwirde esiklerdiń ashıqlıǵı bildirilip kelgen. Mısalı:

Jaqınlasıp, jayǵasıp alıń,
Ay, qızlarım, kelinjanlarım,
Shıraqlarım, bolǵaysız aman,
Bir pas qulaq salǵaysız maǵan. [1.134]

Usı qatarlardan son birden qaharmannıń táǵdiri súwretlengen qatarlar baslanıwı adamdi qattı oyǵa tańdıradı hám búgingi kúnniń qádirin biliwge baǵdarlaydı.

Dóretiwshi hayal-qızlardı barqulla kóklerge kóteriw olardı oǵada sulıw názik etip súwretlep, olardıń mártligi, aqıllıǵında sheberlik penen ashıp bere alǵan.

Umıtpaspan, alpıs jıl arı...
“Aq qapshıq”tıń ashlıq jılları,
Ash-áptada bir diyqan eldiń,

Qızı bolıp kamalǵa keldim. [1.135]

Bul qatarlardan asharshılıq dáwiri diyqan, ápiwayı xalıq jer iyeleri tárepinen quwdalanıwı nashar ahwalınıń, teńsizliktiń húkim súrgen waqtın bayan etıp atırǵanlıǵın joqardaǵı qatarlar arqalı bilemiz. Bul dawir qurbanları hátteki jas náwshe qızlardıń táǵdiri esapqa alınbay, olardıń pikiri, arzıw-ármanları haqqında hesh kim sanaspaytuǵınlıǵı bayanlanǵan. Sulıw jańa ómirdiń mazasın tatıp kóriw ıshqında turǵan qızdı alpıs jasar bay garrıǵa ekinshi hayal sıpatında qarız ornına ákesiniń berip jiberiwi bul álbette, unamsız jaǵday.

Aybı-qádem kúndes qattınnıń,
Tarpıwına barıp shatıldım,
Paydası joq hasla janıma,
Bay úyiniń ǵalma-ǵalına. [1.135]

Jas qızdıń bul turmısta qattı qıynalıwı óz turmısınan narazılıǵı muhabbatsız jasaw hám de ol ǵarrını qattı jawız insan sıpatında táriplewi sonıń menen jáne onıń birinshi hayalınıń oǵan kún bermewi ızalı júregin órtewin joqarı qatarlardan kóremiz.

Súre almadım jaslıq dáwranıń,
Boldı bıraq hasıl ármanıń,
Nazar degen jigit bar edi,
Ózi palwan naǵız nar edi. [1.137]

Joqarıdaǵı qatarlardan jas qızdıń kewlinde eń pák sezim muhabbat sezimi oyanıwı jaqtı keleshekke úmit baǵıshlaydı. Nazarǵa kewil berip, qashıp baratırǵanda ǵarrısı izinen jetip alıp, uslap aladı. Xannıń aldına alıp barǵanda Nazardı ólimge buyıradı.

Xan tıńladı baydıń arzasın,
Ol ne qılsın eldiń jarlısın,
Shalıp óltirmege Nazardı,
Hesh irkilmesten húkim shıǵardı. [1.138]

Muhabbatı ushın gúreskeni menen sol dáwirdiń sharayatında qızdıń dadın hesh kim tıńlamaydı. Bir hayaldıń basındaǵı sonsha qıyın sınaqlardıń salınıwı sol dáwirdegi barlıq

hayal - qızlardıń tágdiriniń usınday awır bolǵanlıǵı kórinip tur. Jas qızdıń ómirin, jaqsı ómirge umtılıwın onıń Nazardan qalgan perzentine degen muhabbatı saqlap qaladı. Maqsetimizge jetisip jureyik, - degen niyet penen ulınıń atın Maqset qoyadı. Analıq baxtına miyasar bolǵan Haselxan perzenti ushın jasap, onıń baxırlı keleshegin ańsapómir súredi. Usınday kúnleri elge suwıq xabar tarqaladı. Urıs baslanıp, xalıqtıń ulları frontqa atlanadı. Urısta onıń jalǵız ulı dereksiz ketiwi hayal basına salınǵan bir awır táǵdir sınaǵı boldı.

Úyim toldı aqlıqlarıma,
Men qáddime keldim taǵıda,
Baxıt bergen mendey adamǵa,
Raxmet bul shadlı zamanǵa. [1.140]

Maqset ulınan qalǵan bir tuyaq Murat boldı. Shıǵarmanıń sońında óz ulıniıń fronttan qaytpaǵanı sebepli kelinin uzatıp, aqlıǵın óz qaramaǵın alıp qalıp, onı kámalǵa keltiriwi súwretlengen. Onnan shawlıq súyip, búgingi jańa dáwirde baxıtqa eriskenligi, óz arzıw-ármanlarına jetiskenligi shıǵarmanıń juwmaǵında aytıladı.

Juwmaqlap aytqanda, T.Seytjanov “Hayal bolıw ańsat emes” poemasında hayal-qızlardıń táǵdirin, olardıń psixologiyalıq halatların, sheberlik penen ashıp bere alǵan. Shayırdıń dóretiwshiligin úyreniw búgingi kúndegi áhmiyetli máselelerden biri.

Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Сейтжанов Т. Таңламалы шығармаларының еки томлығы. II том. -Нөкис, Қарақалпақстан, 1992.

2. Ә.Пахратдинов, К.Алламбергенов, М.Бекбергенова. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, Қарақалпақстан, 2011.